# Қарақалпақстанда терминология орайы шөлкемлестирилди

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (53 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (53 KB)



**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары менен Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң жанында Республикалық терминология орайы шөлкемлестирилди. Орайдың тийкарғы штат бирлигинде 3 хызметкер, жәмийетлик кеңестеги 8 бөлимде 20 қәниге жумыс алап барады.**

Орайды шөлкемлестириўде «Мәмлекетлик тил ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының талапларын басшылыққа алып, миллий терминология тараўындағы жумысларды буннан былай да раўажландырыў, тәртипке салыў ҳәм унификациялаў нәзерде тутылған.

Қарарда бүгинги глобалласыў шараятында дүньяда жүз берип атырған илимий-техникалық жаңалықлардың, халықлар арасындағы байланыслардың күшейиўи нәтийжесинде қарақалпақ тилине басқа сөзлердиң кирип келип атырғаны, сонлықтан, қарақалпақ тилиниң социаллық-сиясий, илимий-техникалық, кәсиплик, жер-суў атамаларын тәртипке салыў, кәрханалар, шөлкемлер, турмыслық хызмет көрсетиў орынлары, көшелер менен қыябанлар, пуқаралар жыйынлары аймағындағы атамаларды, сондай-ақ, ҳәр бир кәсипке байланыслы атамаларды жетилистириўге зәрүрлик туўылып атырғаны атап өтилген.

Орайдың тийкарғы мақсети менен ўазыйпалары сыпатында терминлерди анықлаў ҳәм тәртипке салыў, илимий тийкарланған терминлерди көрип шығыў ҳәм тастыйықлаў, терминологиялық сөзликлер таярлаў, заманагөй мәлимлеме технологияларын әмелиятқа енгизиў, қарақалпақ тилинде компьютер бағдарламаларын таярлаў сыяқлы мәселелер белгиленген.

Буннан былай терминология орайы қарақалпақ тили қағыйдаларын қопал түрде бузған шөлкемлердиң жуўаплы хызметкерлерине шара қолланыў бойынша усыныс бере алады.

**Есимқан Қанаатов, ӨзА**

Sa'ne: 30.05.2018 09:09, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'